



Pwobableman pral gen moun ki ede nou okipe pitit ou. Moun k ap okipe li yo kapab gen atant pou timoun ki pa reyalis oubyen yo ka manke fòmasyon ak eksperyans nan okipe timoun. Pa asime gadyen konnen atant pa w yo, se responsablite pa w pou kominike yo klèman.

KISA YON GADYEN BEZWEN KONNEN

Jere Kriye a

- Montre gadyen a kijan pou soulaje bebe w.
- Mete bebe w nan yon kote an sekirite epi rele w touswit si bebe a pa sispann kriye.
- Diskite sou kisa pitit ou renmen fè ak ki jwèt li renmen.

Dòmni an Sekirite

- Bebe dwe toujou dòmi pou kont yo, janmè avèk yon adilt ni lòt timoun.
- Bebe dwe toujou kouche sou do li nan yon bèso/basinèt/Pack 'n Play epi janmè avèk dra oswa zorye mou.

Sekirite Otou Dlo

Toujou veye timoun pandan yo nan benwa, pisin, plan dlo oswa lòt bagay ki plen dlo, tankou twalèt.

KISA W KA FÈ?

Lè W ap Sòti Lakay W

- Kite nimewo telefòn ou ak lòt telefòn pou rele nan ka dijans nan men gadyen an.
- Kite gadyen an konnen yo mèt rele w pou èd. Tcheke avèk gadyen an pandan w pa la.

Lè W Rive Lakay W

- Mande gadyen an kisa yo te fè pandan ou pa t la.
- Apre gadyen an ale, mande pitit ou si li te renmen l.
- Konstate konpòtman pitit ou apre w tounen lakay w. Èske li sanble li an pè e kontan?
- Si w sispèk gen yon bagay ki pa bon oubyen li te blese, chache èd touswit.

Kouchèt/Twalèt

- Timoun konn fè aksidan twalèt, se nòmal epi yon bagay nou dwe atann.
- Fè plis kouchèt ak rad pwòp disponib pou chanje sou li selon bezwen.

Manje

- Diskite sou woutin manje, avèk konbyen yo manje dabitid.
- Se nòmal pou timoun sal ak manje epi nou dwe atann sa. Fè si gen ajan netwayaj disponib.

Disiplin

- Pa janm kale, rele, voye bagay, souke ni bay timoun kou.
- Anseye timoun konpòtman ki akseptab.

APRANN PLIS

Skane anba a pou wè bwochi konplè a.



Anseye Pitit Ou

- Non yon vwazen konfyans pou rele oubyen ale kote yo si yo santi yo an danje.
- Kòman pou rele "911" nan ka dijans.
- Li oke pou yo pale pou yo diskite sou pwoblèm oswa sousi yo kapab petèt genyen avèk gadyen an.